Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 8 (7457)
18 февраль
2021 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Баркала кумекалъухъ



Дагьаб цебегIан МахIачхъала шагьаралда букIана гьеб мусоралдаса бацIцIад гьабиялъул кIиабилеб субботник. РакIалде щвезабилин, араб анкьалда букIана Унсоколо районалъул вакилзабазул бихьизабиялдалъун тIобитIраб тIоцебесеб субботникги. Гьелъул хIасилалда тахшаралда букIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъун рукIана гIемерал районаздасагун шагьараздаса гIадамал. Цадахъаб гIахьаллъигун шагьаралдаса къватIибе баччана гIемераб мусор. Гьаб нухалдаги республикаялъул бетIер С. Меликовасул ахIиялъе жаваб гьабун гьенире рачIана рикIкIен гIемерал гIадамал. ГIахьаллъана гьенир районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Халкъияб собраниялъзул депутат М. МухIамадов, районазда гьоркьосеб налогазул инспекциялъул нач. ХI. ХIажиев, администрациялъул хIалтIухъаби ва цогидалги. Субботникалда гьединго гIахьаллъана жалго шагьаралъулалги, мэр Салман Дадаевги.

Гьез ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго захIматаб заманалда кумекалъе рачIарал киналго гIахьалчагIазе. Мусор бакIаризе буго гьоркьоса къотIичIого.

## Росабазул бутIрулги гIахьал гьарун

Дагьал церег1ан къоязда райадминистрациялда тIобитIана росабазул бутIрул гIахьаллъараб данделъи. Гьениб гьоркьор лъуна гIемерал кIвар цIикIкIарал суалал. Совещание бачана экономикиял рахъалъ районалъул бетIерасул зам. Хъ. ГIабдулхаликъовас. Гьений гIахьаллъана росабазул бутIрузулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ специалист У. ХIайбулаеваги.

Данделъи рагьулаго ХЪ. ГIабдулхаликъовас гIахьаллъаразул кIвар буссинабуна гьоркьор лъолел ругел суалал кутакалда кIвар цIикIкIарал ва гIумроялде рахъинари чара гьечIого хIажатал рукIиналде. Гьединаздасан ккола мусор бакIариялъе хIажатал площадкаби гьари, росабалъ лъел цIолел бакIал сверун къай ва гь. ц.

Хъ-М. ГIабдулхаликовас киналго росабазул бутIрул ахIана бицен гьабулел ругел площадкабазе бакIал ратизе, гьезие киналго документал хIадуризе. «Районалъул администрациялъ кинабго гьабизе буго нужее кумекалъе»,- ян абуна гьес.

ЦIикIкIараб кIвар кьуна данделъиялда лъел цIолел бакIал сверун къаялда ва гьел бакIал цIуниялда хурхараб суалалдеги, щайгурелъул гьаб ахираб заманалда ризлъана республикаялъул шагьараздагун районазда лъедалъун гIадамал унтиялъул ишал.

Совещаниялда гьоркьоб лъуна бакIазда санагIалъаби гьариялъул суалги. Ругел программабазда рекъон рес буго росабалъ цIи гьаризе спортивиялгун лъималазул площадкаби, паркал, хIухьбахъулел бакIал, разе гIисинал футбол хIалел бакIал, минабазе кап. ремонт гьабизе, чвахун цIадал ине канализациял гьаризе, разе лъел хIорал ва гIемерал цогидалги.

ХъарамухIамад ГIабдулхаликъовас баян гьабуна гьединал программабазда гIахьаллъизе ругел ресазул хIакъалъулъ, ахIана бутIрул гьелда гIахьаллъизе.

Данделъиялда гьоркьор лъуна цогидал суалалги.

## РакI-ракIалъулаб баркала кьола



Арал гIодор къоязда Дагъистана лъул тахшагьар МахIачхъалаялда тIобитIана иргадулаб субботник. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна I3 районаздасагун шагьараздаса I000 ялдасаги цIикIкIун чияс. Гьездаго гьоркьор рукIана нилъер районалдаса вакилзабиги, нилъ ккола гьеб иш байбихьизе кьучI лъураллъунги.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, гьеб кIвар бугеб ишалъулъ гIахьаллъаразе. Хасго бокьун буго баркала кьезе «Дагстройсиб» ОООялъул нухмалъулев, Балахьуни росулъа нилъер ракьцояв АхIмад МухIамадовасе гьел къояз нилъее гьабураб кIудияб кумекалъухъ. Гьес нилъее чIезабуна техника ва гьеб ишалда къваригIунебщинаб тIагIел-алат. Биччанте гьединал ишал рукIине цогидаз мисал босулеллъун. Дагъистан ккола вацлъиялъулаб республика. Гьединлъидл нилъеца кумек гьабизе ккола цоцазе захIматаб заманалда.

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

Сахлъи цIуни

## ТIоцебесеб вакцинация



Гьал къоязда районалда байбихьана коронавирусалде данде чIараб вакцинация гьабизе. Жидеего бокьун уколал гьаризе рачIаразе вакцинация гьабизе Буйнакск шагьаралдаса рачIун рукIана эпидемиологиялъулгун инфекционисталъул специалистал.

Гьеб къоялъ районалдаса 35 чиясе гьабуна вакцинация. Киналго гьел ккола жидеего бокьун рачIарал. Районалъул ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъул рагIабазда рекъон вакцинация гьабурал 35 чиясда гьоркьоса I5 чи ккола № 7629 рагъулаб часталдаса.

Нижеца гара-чIвари гьабуна ЦРБялъул врач-эпидемиолог С. МухIамадгIалиевалъулгун. Гьелъ бицана вакцинация тIубанго хIинкъи гьечIеб бугилан. «ГьанжелъизегIан вакцинация гьабуразул гьечIо кинаб букIаниги сахлъиялъе хIинкъи бугеб хиса-баси. Дару ккола векторнияб, гIадатиял рагIабаздалъун абуни, кинабниги чIагояб вирус гъорлъ гьечIеб. ЦохIого-цо гьелъул бугеб гIунгIутIи ккола – гьеб цIунизе ккола I8 градус температураялда. Гьеб гIиллаялъего гьеб бачIуна Буйнакс шагьаралдаса, щайгурелъул нилъер гьабсагIаталда гьечIо I8 градус цIорой чIезабулеб алат»,-абун. Гьединго врачаз баян гьабуна вакцинация гьабизе кинаб букIаниги медицинаялъул хал гьаби къваригIунарин. Гьеб данде кколин жеги унтичIезе ва унтун сахлъаразеги,- абун. «Цого-цо вакцинация данде кколарел гIадамал ккола жеги I8 сонил ригьалде рахинчIел яги хроническиял инфекционниял унтаби ругел. Гьединал нижеца тIоцере ритIула терапевтазухъе, гьезул бихьизабиялдаса хадуб шбула вакцинацияги.

Гара-чIварана гьединго жидеего бокьун вакцинация гьабуралгун. «Вакцинация гьабиялъул суал бачIарабго, нижеда ракIалде ккана гьеб гьабизе. У, руго гIемерал харбал гьеб вакцинациялда сверухъ. Амма ниж божула нилъерго врачазда ва даруялда. Дун ракIчIун ана вакциянация гьабизе, щайгурелул гьеб гIемерго лъикIаб бугелъул коронавирусалъ унтиялдаса»,-ян абуна Хьаргаби ГЭСалъул начальникасул зам., РусГидроялъул хIалтIухъан Р. Мирзаевас.

Вакцинация гьабураз хутIарал ахIана сундукьаго хIинкъичIого, батIи-батIиял харбазухъ гIенеккичIого вакцинация гьабизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 8 (7457)
Хамиз
18 февраль 2021 сон



Гьал къоязда Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас гьаруна ирградулал хиса-басиял. Гьаб нухалда гьеб хьатIана республикаялъул хIукуматалъул ва администрациялъул управлениялда. Гьедин, РДялъул бетIерасул администрациялъул управлениялъул информполитикаялъул начальниклъун тIамуна Р. Акавов, гьебго заманалда коррупциялде данде чIеялъул управлениялъул начальниклъун тIамуна М. Генжеханов. РДялъул БетIерасул жанисеб политикаялъул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул начальниклъун тIамуна К. Нажмудинов. РДялъул правовое управлениялъул начальниклъун гьавуна Р. Рабаданов. РДялъул БетIерасул кIиабилеб отделалъул начальниклъун тIамуна С. Сулейманов. Жидедаго тIадал ишаздаса эркен гьаруна А. Рустамов ва Т. Тагибов. РДялъул хIукуматалъул гIуцIиялъулгун проекталъулаб управлениялъул начальникасул ишал тIуралевлъун гьавуна И. Ибрагьимов, финансовиябгун халкквеялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралевлъун вачана Т. Шабанов.

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон

# Коллективияб магIишат гIуцIаразул цояй

Доб букIана Дагъистаналда коллективияб магIишат гIуцIулеб I939 сон. Гьеб соналъ Унсокологи гIуцIана гIи-боцIул ва гьутабазул колхоз. ГIинтIи гIалахалда колхозалъе гIадамаз къураб боцIуда гIужал ралел рукIана чанго чи. Гьений йикIана тIоцее ГIинтIие ячIарай НурмухIамадова Сапигатги (Эдел). ГIицIго I4 сон гурони гIумрудул гьечIониги Сапигат йикIана тирияй, цIодорай ва бажари бугей яс. Бихьиназда цадахъ лъугьун тириго ралаан гьелъ боцIуда биркаби.

Дун гьанже кIудияй гIун йигин абураб пикруялъ рохалил цIун букIана гьеб къоялъ Сапигатил ракI. Гьениб бижана ясалъул рекIелъ даимго гIагараб колхозалъе, халкъалъе кванил нигIматал гIезариялъе хIалтIизе пикро.

I939 соналда гIуцIана ракьазул коллективиб магIишат. Гьенире росулъа тIоцере лъугьана Сапигат, ВухIамаева ХIалимат (МухIадизал), Мусаев ГIусман, ХьарамухIамадова СалихIат. Колхозалде лъугьунеб мехалда Сапигатил букIана I7 сон, гьединай гьитIинай гIолилай бачIинахъего тIамуна ГIинтIи колода звеневодлъун. 20 гектаралда цIоросаролъ бекьун букIана гьениб.



ТIоцебе колхозалде лъугьунезул цIакъго дагьаб къадар букIана,- ян ракIалде щвезабулаан жиндир мунагьал чураяй Сапигатица. Хадуб щибаб захIматкъоялда хадуб кьолеб мухь, цIоросаролъ, нису-нах, хIан бихьун тIасияб соналъ гьезул къадар гIемерго цIикIкIана, гьелдаса хадуб 45-50 тонна цIоросаролъил бакIарарал саналги рукIана звеноялъул. Гьелъ лъикIлъун бачIунеб букIана росдал гIадамазул гIумро-яшав.

Амма гьикъун гуро къо бачIунеб. I94I соналъул 22 июналда ракIалда гьечIеб балагь бачIана ВатIаналде. Советияб улкаялде кIанцIана гитлерилаб фашизм. ВатIан цIунизе ана ансадерил бихьинал. Киналго магIишатиял хIалтIаби регана руччабазул кIигъуждузде. ТIибитIун букIана ракъи-къеч, къварилъи. ГIинтIи магIарде щвазегIан мугъалъ баччулаан руччабаз рак, гьабулаан рекьи. Кидаго Сапигатида цадахъ екьарулаан ГIадуева ХIалимат, ВухIамаева ХIалиги.

-Даимго кIоченаро I943 соналъул цо сордо-къо,-ян ракIалде щвезабулаан гьелъ. Къасде росулъ чирахъ бакизе гьукъун букIана, гордазда цебе жо бигьичIого. Зама-заманалдасан тIасан роржанхъулел рукIана самолетал. Гьеб сордоялъ чанго роржен гьабуна гьез росдада ва ГIинтIи гIалахалда тIасан. Радалалде бецIхьахIилъун ратана боцIи ва рекьарал хурзал. Тущманас лъикIлъиялъе тIаде жо балищха? ТалихIалъ нахъисеб къоялъ тIаде чвахун цIадги бан, чура-хулун ана гьеб.

Бищун кIудияб захIмалъи букIана кваназе жо гьечIолъиялъул. Жидецаго гIезабурабги фронталъе битIун, мичIчI кваналаан гьаз.

Ракьазул магIишат гIуцIараб I939 соналдаса нахъе I982 соналде щвезегIан гьабуна Сапигатица звеневодлъи ва бригадирлъи. Гьанже гьей нилъгун гьечIо, амма гIемерал гIолилазулгун гьабурал дандчIваязда бицунаан гьелъ талихIаб гIумроялъул ва чадил къимат гьабизе кколилан.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Имам Шамиль хун I50 сон

# Гендерил ракьалда дандчIвай



Дагъал церегIан къоязда Генуб росдал администрациялъул хIалтIухъаби дандчIвана хIаракатчилъиялъул къукъагун. Гьеб бухьараб букIана имам Шамилил хIаракатчилъиялъул кIвар цIикIкIараб лъугьа-бахъиналда.

Бицен гьабулеб бугеб РогIратIа абулеб бакIалда I837 соналъул I8 сентябралда дандчIван рукIана имам Шамилги генерал Клугенауги. Гара-чIвари унеб букIана имам Шамиль Тифлисалде вачине ва гьенив Николай I гун гьев дандчIвазави мурадалда.

Гьеб дандчIваялъул хIакъалъулъ цIар рагIарав гIалимчи М. Гаммерица хъвана: «гара-чIвариялъул заманалда бихьулеб букIана Клугенауда дандеккун Шамилил политикиябгун дипломатияб бугеб тIокIлъи, гьев генераласдаса гIемерго гIакъилавлъунги кинабго рахъалъ щвалде щваравлъунги вихьулев вукIана гьеб суалалда»,-абун.

ДандчIваялъул бугеб кIваралъул бицуна гьеб темаялда князь Гагариница бахъараб сураталъ. Сурат гьабсагIаталда буго Москваялъул Третьяковская галерееялда.

Имамасул васасул яс Зубайдат Шхаплица I933 соналда Варшаваялда хъван букIана «Кавказалъул магIарулал» абураб къиса. Хадуб гьеб тарихияя г1елмабазул доктор АхIмад МуртазагIалиевас таржама гьабун бахъун букIана республикаялъул «ХIакъикъат» газеталда.

Гьал къоязда гьеб бакIалда букIана доб цIар рагIараб дандчIваялъул бицараб, гIемер кIудияб гьечIеб лекция. Гьениб Дагъистан Республикаялъул миллияб музеялъул Генуб филиалалъул заведующий МухIамадсултIан ГIабдулаевасе кьуна нилъеца тIадехун бицен гьабураб сурат. Генуб росдал администрациялъул бетIер МухIамад МухIамадовасе кьуна жидерго цIар рагIарав ракьцоясул хIакъалъулъ хъварал тIахьал.

Гьалбадерица ракI-ракIалъулаб баркала кьуна гендерил жамаг1аталъул вакилзабазе гьабураб гьоболлъиялъухъ ва хинаб дандчIваялъухъ.

Редакциялде кагъат

# ГIуцIулеллъун щай нилъ гьечIел?

Ахихъан» газеталда бахъараб «Унсоколо ФКЗялъул бугеб хIал» абураб макъала цIалидал дирго ругел пикраби загьир гьаризе бокьун буго дие.

«Унсоколо ФКЗялъул хIал»,-абун бихьидал ракIалде ккана цощинаб завод цIи гьабизегIаги гуродай нухмалъиялда ракIалде ккараб,- абун. I938 соналда гьебгощинаб банка хIадур гьабулеб букIараб, кинабго рахъалъ хал гьарият гIуцIун, гIунгутIаби лъугIизаризе хIаракат бахъулеб букIараб завод, гIайиб гуребанищха гьанже чIунталиде буссун тезе.



Чанги хIалтIудасанги школалда ругеб мехалдаги ана заводалде хIалтIизе. Школалде рачиналде жидеего школалъул форма босизе гIарац гьабулаан лъималаз гьенисан, гIорцIизегIан батIи-батIияв пихьал кваназе щолаан, гьенире кумекалъе учрежденияздаса, бакI-бакIаздаса студентал ахIулаан, гьениб букIана тIагIамал квенал ругеб столовая, къаси аваданлъи, цоцалъ гьудуллъи букIана, рекIун бортовияб машинаялдагун ахIулаго кIучIдулгун хьвадулаан гьенире гIолилал.

Гьаб щибха гьанже кинабго жо бихьулел рукIун гурони щибниги цIи гьабизеян лъугьунарел гIадамал. ГьечIищха росулъ цониги гьединаб ишалъе бажари бугел чагIи. Бегьуларищ гьединаб суалги цебе лъун цо хассал, бажари бугел гIадамал тIамизе гьеб цIи гьабизе ва гьезие кумекги гьабун, къваригIарабги чIезабун завод цIи гьабизе. ЦIияб техникаялъе гIураб бакIги бугин гьеб. Пихъ барщараб мехалда гIодобе бан, къватIисел гIадамазе бичула пихъ, гьезулго компоталги сокалги нилъер тукбаздеги бачIун нилъецаго босула, цо гъурущалде къураб жо I0 гъурущалде. Росулъа гIолилал васал ва ясал унел руго къватIире хIалтIизе рес къотIиялъ. БукIарабани заводги фабрикаги хIалтIулел, росулъа цониги чи магIишаталъе къватIире ине ккелароан.

Бокьилаан «Ахихъан» газета гьоркьоб ккун чIунтизе тарал заводал фабрикал цIи гьариялъе хIалтIаби гьаризе. Гьеб букIинаан Аллагьги разияб гIадамалги роххараб хIалтIи.

**ХI. МУХIАМАДОВА.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 8 (7457)
Хамиз
18 февраль 2021 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



# КАК СОХРАНИТЬ АНОНИМНОСТЬ ЛИЧНОСТИ В ЦИФРОВОЙ РЕАЛЬНОСТИ?

Такую возможность открывает жителям России участие в первой цифровой переписи населения страны в 2021 году. Какая информация пройдет через планшеты, сервера и сайт Госуслуг в ходе переписи и почему злоумышленники могут даже не пытаться ее похитить, рассказываем в Международный день защиты персональных данных — 28 января.

Если для регистрации в соцсетях нужно указать в интернете номер телефона, а для покупки билета на поезд и самолет — паспортные и банковские данные, то для участия в переписи необязательно сообщать даже имя. Но как защищается другая информация, которую указывают переписчики и респонденты, можно ли по ней определить конкретного человека? Поясним.

Особенность цифровой переписи — данные могут поступать в Росстат напрямую от населения через портал Госуслуг и от переписчиков, заполняющих листы со слов респондентов.

Постоянные жители России (проживающие на территории страны больше года) смогут ответить на 33 вопроса. Среди них: пол, возраст, гражданство, владение языками, место рождения, национальность, образование, состояние в браке, количество детей, источники средств к существованию, занятость, а также информация о состоянии жилого помещения.

Проживающие в стране временно ответят лишь на семь вопросов сокращенной формы переписного листа, в том числе о цели приезда в Россию и продолжительности проживания на территории страны.

Ни реквизиты паспорта, ни размер дохода, ни номер телефона респондента в переписных листах не указываются. Необходимости в таких данных для задач переписи просто нет. Для статистики нужна лишь привязка ответов к определенной территории — счетному участку, где проходит опрос. Поэтому в каждый планшет будет «вшита» актуальная база адресов, по которым пойдет переписчик.

Для самостоятельной переписи на портале Госуслуг гражданам достаточно совершить стандартный вход в личный кабинет с помощью единой защищенной системы аутентификации — ЕСИА. Это позволит избежать двойного заполнения переписного листа. Но сами персональные данные к нему не привязываются, а информация передается в зашифрованном виде.

«Цифровые инструменты позволяют быстрее получать и обрабатывать информацию и дают дополнительную защиту от возможных ошибок и неточностей. Они качественно меняют эффективность данных переписи для принимаемых в стране решений. Поэтому мы используем достаточно мощные средства защиты данных, взломостойкое шифрование. Но главная мера защиты заключается в том, что к результатам переписи не привязываются никакие персональные данные — они отсекаются в момент передачи заполненных электронных переписных листов», — отмечает Павел Малков, глава Росстата.

«Такие данные, как фамилия, не загружаются в автоматизированную систему переписи (АС ВПН). Защита информации об адресах, где проходил опрос, обеспечивается на уровне операционной системы «Аврора». Все данные хранятся под паролем в закрытых директориях. В случае утери планшет блокируется. Даже подключение к незащищенным посторонним сетям Wi-Fi не приведет к утечке персональных данных, поскольку они по сетям не передаются», — сообщает Олег Поляков, директор проектов ПАО «Ростелеком» — партнера Росстата в цифровизации переписи.

Одно из главных новшеств предстоящей переписи — использование многомерной BI-системы, которая позволит Росстату контролировать ход переписи онлайн до масштаба счетного участка, а в дальнейшем станет общедоступной площадкой для получения данных переписи. На всех этапах работы платформы Contour BI также исключается появление персональной информации.

«Платформа позволит находить данные в разных разрезах с точностью до переписного участка — это несколько домов и подъездов многоквартирного дома. Но все данные будут деперсонифицированы, информация о переписываемом человеке исключена. Только общая статистика. Также будут применяться алгоритмы, которые не позволят раскрыть персональные данные даже косвенными методами», — подчеркивает Владимир Некрасов, генеральный директор «Контур Компонентс» — разработчика BI-платформы переписи.

«Как показывает мировая практика, обезличенные статистические данные вряд ли могут представлять серьезный интерес для злоумышленников. Однако уровень безопасности всех данных предстоящей переписи можно оценить как очень высокий. Его обеспечат защищенные каналы связи, и регламентация доступа к планшетам переписчика и серверному оборудованию. Несанкционированно извлечь информацию с устройств практически невозможно, а благодаря распределению и резервированию данные будут надежно сохранены в дальнейшем», — отмечает Тимур Садыков, заведующий лабораторией искусственного интеллекта, нейротехнологий и бизнес-аналитики РЭУ им. Г.В. Плеханова.

**Справка:**

28 января в странах, входящих в Совет Европы, в США и Канаде отмечается День защиты персональных данных. Конвенция «О защите лиц в связи с автоматизированной обработкой персональных данных» (известная также как «Конвенция 108») была подписана ровно 40 лет назад, в 1981 году во французском городе Страсбург. В последующие годы Конвенция дополнялась и обновлялась. Официально День защиты персональных данных стал отмечаться с 2007 года, после решения Комитета министров Совета Европы. Российская Федерация подписала «Конвенцию 108» в 2001 году, но ее ратификация в Государственной думе состоялась только 15 мая 2013 года. Поэтому официально наша страна примкнула к празднованию Международного дня защиты персональных данных с 2014 года.

Предпринимаемые меры защиты данных первой цифровой переписи населения России обширны. В них входит: индивидуальный пароль на планшете переписчика; шифрование собираемых и предаваемых данных; блокировка планшетов в случае их утери; отдельный защитный контур для обработки данных переписи и много другое.

**Медиаофис Всероссийской переписи населения**

# 15 февраля – День вывода войск из Афганистана

15 февраля, отмечается День вывода войск из Афганистана. По-другому этот день называют еще и днем воинов-интернационалистов.

Афганская война была тяжелым испытанием для всех, кого она так или иначе коснулась.

С 22 декабря 1979 года по 15 февраля 1989 года в Афганистане мы потеряли по официальным данным 13310 человек, более 30 тысяч ранеными и искалеченными, около 311 пленными и пропавшими без вести. За 9 лет через Афганистан прошло не менее полутора миллионов русских солдат, 72 человека - участника этой войны получили звание Героя Советского Союза.

Эта война коснулась и дагестанских семей. По данным Координационного совета ветеранских организаций участников, инвалидов афганских событий и семей погибших, в Афганистане служили более 4000 дагестанцев, то есть, если взять в процентном отношении к количеству населения, то Дагестан на первом месте среди всех субъектов СССР и России по количеству служивших в Афганистане солдат.

Унцукульский район – Родина великих героев и известных, мужественных, отважных личностей, не мог оставаться в стороне от этих событий. 42 представителя нашего района участвовали в Афганской войне, мужественно выполняя свой интернациональный долг. Те, кто вернулись, с тяжелым сердцем вспоминают о событиях прошлых лет. Ведь горечь войны никогда не забыть.

В этот день мы еще раз вспоминаем тот подвиг, которые совершили наши земляки. Этот день – еще одна возможность поддержать афганцев. Тех, кто столкнулся лицом к лицу со страшным словом «война» и испытал на себе ее горечь. В честь этого дня администрация Унцукульского района ежегодно проводит различные мероприятия. В этом году встречу с афганцами организовал начальник отдела культуры Али Абдулаев. Он встретился с теми, кто служил в Афганистане в те годы, пообщался. Решению проблем воинов-интернационалистов уделяется большое внимание.

В афганских боях погибли 140 жителей нашей республики. Этот день в нашей стране также отмечается и как день памяти воинов, погибших при исполнении воинского долга в Афганистане и Чечне. Ведь Чеченская кампания конца 1990-х стала не менее страшным и суровым испытанием для нашей республики и страны.

15 февраля 1989 года командующий 40 армией Герой Советского Союза генерал-лейтенант Борис Громов последним покинул Афганистан, а 15 февраля 2021 года этому событию исполнится 32 года.

Несмотря на то, что время сегодня не совсем спокойное в масштабе мировых событий, хочется пожелать, чтобы никто не знал, что такое война. Чтобы ни дети, ни взрослые не знали боли потерь, разлук, кровавых битв, голода, жажды. Чтобы небо над нашими головами всегда было мирным, синим, спокойным...

Чтобы люди научились созидать, строить, ценить и любить, а не разрушать и враждовать.

**Асият Магомедова**

# Будте осторожны на дорогах!



Уважаемые жители Унцукульского района !

Ситуация на дорогах республики остаётся крайне сложной. Так, за январь месяц 2021 г. на дорогах региона зарегистрировано 115 ДТП, в результате которых 26 человек погибло и 156 получили телесные повреждения.

Основными при-чинами ДТП яв-ляются: выезд на встречную полосу движения, несоблю-дение скоростного режима, наезд на пешеходов, а также опрокидывание автотранспорта. В связи с этим, ОГИБДД ОМВД России по Унцу-кульскому райо-ну призывает жи-телей района и гостей соблюдать правила дорожного движения и напоминает о том, что нарушая эти правила, вы подвергаете опасности не только свою жизнь, но и жизнь окружающих людей, в том числе детей.

Рузман къоялъул вагIза

# Лъим – Аллагьасул кIудияб цIоб

Лъим ккола Аллагьасул кIудияб цIоб. Гьелъулъ руго гIемерал пайдаби, амма цо-цо мехалда лъедалъун риччала гIемерал балагьал. Аллагьасе бокьани гьеб сверула нигIматлъун, Гьесие бокьани гьеб сверула гIазаблъун. Жакъа гIемерал гIадамал руго лъел къимат лъаларого. Аллагьас кьураб лъехъ щукру гьабич1ого. Лъим гьабула исрап, гьелъул къимат лъалебго гьечIо. Даимго лъим букIиналдалъун гьезда ракIалда ккун букIуна, гьеб тIасаго унареб жо бугин абун. Чанги чи вукIуна жиндиего щвараб минаялдаса, машинаялдаса вохун, гIемер вохиялъ гьес Аллагьасе щукруги гьабула, амма гьединаб пикру лъедехун гьабулеб гьечIо, гьесул бугебщинаб бечелъиялдасаги, лъел къулчIи гьесие хирияб буго.

Цо нухалъ Ибну Самак вачIун вуго, Халифа Гьарун Рашидихъе. Гьесухъе щведал Ибну Самакида гьекъезе лъим кьеян гьарун буго Гьарун Рашидица. Цинги лъел цIарагIги кодоб ккун Ибну Самакица гьикъун буго. Ле Амирул муъминина, бице дуца, гьекъезе лъимги гьечIого къечоца холев мун вукIаравани кигIанасеб мухь дуца лъехъ кьезе букIараб, – абун. Дир ханлъиялъул бащалъи кьезе букIана – ян абуна Гьарун Рашидица. Гьанже гьекъе, Аллагьас бигьа гьабеги дуе – янги абун Халифаясухъе гьекъезе лъим кьуна Ибун Самакица. Лъим гьекъон бахъараб мехалъ, Ибну Самакица цIидасан абулеб буго, бице дуца Аллагьасе гIоло, гьаб дуца гьекъараб лъим къватIибе бачIине кIоларого букIарабани, гьеб къватIибе бачIиналъе гIоло щиб мухь дуца кьелаанин абун? Ургъизе ургъун, кIущ къватIибе бачIунгутIиялъул унтиги ракIалде щун - Дица тIолабго ханлъи кьезе букIана, – ян абулеб буго Халифаяс. Цинги Ибну Самакица абулеб буго - щиб пайдаха бугеб, лъел къулчIиялда гурого бащалъулареб ханлъиялдасан – абун. Цинги ракI-ракIалъго гIодизе лъугьана Гьарун Рашид.

Я Аллагь! ТIубараб дунялалъул ханлъигицин лъел къулчIиялда бащалъулеб гьечIо. Гьанже бице, сундуе гIоло гIадамас гьаб ракьалда би гIодобе тIолеб, сундуе гIоло чияр боцIи бикъулеб, сундуе гIоло бесдал лъималазул боцIи кваналеб, сундуе гIоло миллионал кредитал рахъулел, сундуе… ?

Лъел нигIматал нилъеда рикIкIун хIал кIоларо, щай гурелъул кинабниги чIаголъиго гьеб лъедалъун бугеб жо буго. ТIадегIанав Аллагьас Хирияб Къуръаналда абулеб буго, магIна; «Дица лъедалъун гьабуна кинабниги чIаголъи».

Лъел кIудияб нигIматалдасан ккола, гьекъолеб гьуинаб лъим букIин. Гьекъолеб бацIадаб лъим ккола, гьекъолеб щинаб жоялъул бищун хирияб. Жеги гьеб ккола садакъаялъул бищун хириябги. Кинаб бакIалда лъим батаниги гьениб чIаголъиги батула.

Ракьалда тIад хьвадулев инсан, кинабниги хIайван, рухI-чIаголъи, гIурччинлъи кинабго жо хIажатаб буго лъеде, лъим букIинчIебани гьеб кинабго жо бук1инароан. ТIадегIанав Аллагь гьаб халкъалда кутакалда гурхIулев вуго, гьелъ Гьесул цIобалдалъун щибаб секундалда жаниб, зобалаздасан ракьалъул гьумералда тIад I6 миллион къатIра лъел тIинкIула. Гьелдаго цадахъ инсанасул къаркъала 70 % лъедасан буго.

Лъел (Маъ) хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда 49 бакIалда рехсей гьабун буго. ХIатта лъимги мисалалъе бачун, Аллагьас Жив ватиялъе далиллъун чIезе гьабулеб буго. Гьелдаса кIудияб хиралъи щибха букIинеб нилъее? Аллагьас Къуръаналда абулеб буго, магIна; «Зобалги, ракьги бижиялъулъ, сордо-къо хисиялъулъ, гIадамазе пайдаялъе ралъадазда хьвадулел гумузулъ, хвараб ракь чIаго гьабизе зобалаздасан чвахулеб лъелъ, ракьалда ругел хIайваназулъ, гьури хьвадиялъулъ, зобалаздаги ракьалдаги гьоркьоб накIкIал чIеялъулъ, кIудияб мугIжизат буго гIакълу бугел гIадамазе.» (Ал-бакъара I64)

Чанги чиясда ракIалдего щоларо лъим нигIмат букIин, чванта цIураб гIарацги, хехаб иномаркаги бугони гьесда ракIалда ккун букIуна жив дунялалъулго хан вугин абун. Амма зобалаздасан лъим къотIани гьес бугеб щинаб жо лъел стаканалъухъ кьезе ккола, гьединго зобалаздасан лъим цIикIкIанани гьесул бугеб щинаб лъараца хъамун уна. Жакъа нилъеда дагь рагIуларо дунялалда лъугьунел лъел балагьал.

Цо нухалъ гIалхул гIарабияв мажгиталъуве жаниве лъугьун вачIана – ян бицунеб буго Маликил вас Анас асхIабас. Гьеб мехалъ Хирияв авараг рузман къоялъул хутIба гьабулаго минбараялда вахъун чIун вукIана. Цинги гIарабияс аварагасда абулеб буго – я Бичасул авараг, боцIиги гьалаглъулеб буго, гьабизе жоги лъугIун буго, кутакаб ракъдаллъи буго ракьалда, гьаре Аллагьасда цIад баян, – абун. Цинги Аварагас жиндирго хириял кверал зобалазде рорхулел руго, Аллагьасда гьарулеб буго лъабго нухалъ – Я Дир Аллагь Дуца нижее цIад кье, – ян. ХIадис бицунев Анасица абулеб буго. АллагьасхIаги зобалазде ниж балагьун рукIадго нижеда цо накIкIул парча бихьун букIинчIо. Амма Хирияв минбаралдаса гьоркье лъугьиналде базе байбихьана кутакаб цIад, хIатта Хириясул магжидаса чвахизегIан. (Мажгиталъул тIох, гьеб заманаялда букIана чамасдакил гIаркьалабазул). Гьедин тIубараб анкьалъ балеб букIана цIад. Цинги тIасияб рузманкъо щведал довго чи вачIана мажгиталъуве авараг хутIба гьабулев вукIадго. Аварагасда цевеги чIун гIарабияс нахъойги абулеб буго, боцIиги гьалаглъулеб буго, гьабизе жоги лъугIун буго, цIад чIезе гьабеян гьаре Аллагьасде, – ян абун. Цинги аварагас квералги рорхун нахъойги дугIа гьабуна, Аллагь нижеда сверун бай цIад, гIалахазда, щобазда, кIкIалабазда бай Дир Аллагь, нижеда тIад балагьлъун биччаге,–абун. Цинги Анасица бицунеб буго, гьедин кутакалда балеб букIараб цIадги ч1ун, ниж къватIире рахъиналде бакъ баккун батана – ян. (Бухари)

Хадубги Аллагьас лъималъе сипат гьабулеб буго, гьеб жиндилъ баракат гIемераб жо бугин абун. Хирияб Къуръаналда буго, магIна; «Дица зобалаздасан рещтIине гьабуна лъим, жиндилъ баракат бугеб, цинги гьелдалъун Дица рекьиги бижизе гьабуна» (къаф 9).

Зобалаздасан балеб цIадалдехун муъминчиясул букIине ккола битIараб рекIелчIей, мисалалъе гьес ракI чIезабизе бегьуларо, цIвабзаз цIад базе гьабуна яги зобалаз базе гьабуна,- абун. Гьес ракI чIезабизе ккола, Аллагьас цIад базе гьабуна,-абун. Аварагас абулеб буго, ХIадисул къудсаялда; «Дир лагъзадерил рукIуна Дида иман лъолелги Дидехун капурлъулелги. Аллагьасул рахIматалдалъунги Гьесул цIобалдалъунги цIад банин абурав ккола Диде иман лъурав ва цIвабзазде капурав, амма цIвабзаз яги моцIалъ цIад базе гьабунин абурав лъугьана Диде капурав цIвабзазда иман лъурав чи.»

Гьединго Аллагьасул кIудияб мугIжизаталдасан ккола ральдал лъим цIамгIалаб букIин. ГIалимзабазул пикруялда рекъон щибаб литра цIамгIалаб лъелъ буго 27 гр. цIамул. Цинги гIаламалъ гьеб лъелъа къватIибе бахъула, цо соналда жаниб 50 миллион тонна цIамул.

Гьединго лъел кIудияб нигIматаздасан ккола, гьеб лъедалъун рацIалъи гьабулеб букIин. Пикру гьабеха, лъеда гъиз нахъе ине гьабизе кIолеб букIинчIебани кинаб хIал ва кинаб чороклъи инсанасул черхалда ва сверун букIинаанин,-абун. Цинги чороклъиялъул хIасилалда халкъалда гьоркьоб тIибитIилаан квешал унтабиги. Гьелъиеги нилъеца Аллагьасе рецц гьабизе ккола. Гьелъ бусурманчиясе рекъола, щибаб нухалъ каки чурулаго, кверал чуризе байбихьидал абизе «АлхIамдулиллагьи ллязи джагIалал маъа тIагьура, АлхIамду лиллагь гIалал ислами ва нигIматигьи». ТIолабго рецц Аллагьасе буго, Жинца лъим рацIцIалъи гьабулеблъун гьабуралъухъ, тIолабго рецц Аллагьасе буго Исламалда ратиялъухъ ва Гьесул нигIматазухъ».

Гьедин нилъеда Аллагьас рацIцIалъи гьабеян амру гьабуна щибаб какалда аскIоб, черх хъублъигун черхалдасан лъимги бахъе,- абун.

Исламалъ лъел къимат гьабулеб букIиналъе гIела гьадинал мисалал, лъим хIалтIизабулаго гIорхъодаса ине гьукъи, лъим исрап гьабизе бегьунгутIи. Цо нухалъ хирияв авараг, каки чурулев вугев СагIд абурав асхIабасда аскIосан унев вукIун вуго. Цинги гьесул чури бихьидал, аварагас абун буго - гьаб щиб исрап ле СагIд? СагIдица цIехолеб буго, каки чуриялъулъгийищ исрап букIунеб я Бичасул авараг? У, – ян абуна аварагас - гIурул рагIалда мун вугониги, исрап ккола»,-абун.

Гьедин бугониги, жакъа чан чиясха лъел хIурмат, къимат гьабулеб? Балагье лъим исрап гьабулел гIадамазухъ. Цоясул краналги лъим биччан букIуна, цойгидас рогьинегIан щибго ургъелги гьечIого гIадада хурибе биччан букIуна, хадусес хIорал, гIорал, ралъадал чорок гьарула мусорги бан.

Гьединго Абу Дардаъица бицунеб буго, цо нухалъ Хирияв авараг, цIарагIги кодоб ккун гIурул рагIалдаса инев вукIанин,-абун. Цинги гьеб цIарагIалъуса Хирияс каки чурана, чурун хадуб гьеб цIарагIалъуб нахъе хутIараб лъимги аварагас гIурухъе тIуна. Аварагас абуна; «Аллагьас чвахулеб лъим щвезе гьабула, жодоца пайда босулезухъе». Гьедин гIурул рагIалда вугониги Хирияс лъел къимат гьабулаан. Щайгурелъул Аллагьас Къуръаналда абулеб буго, магIна; «Нужеца кванай, нужеца гьекъе исрапги гьабуге» - ян.

Хадубги, лъел къимат тIадегIанаб букIиналъе гIела, садакъаялъул бищун хирияб лъел садакъа букIин. СагIд абурав асхIабас бицунеб буго, цо нухалъ жив аварагасухъе вачIанин абун, цинги жинца цIеханила аварагасда – мун кинаб садакъаялъ бищунго гIажаиблъизе гьавулев? - абун. Цинги хирияс жаваб гьабуна - лъел садакъаялъ гIажаиблъизе гьавула дун - абун.

Гьединго, лъим ккола инсаниятальего гIахьал гьабураб нигIматаздасан нигIмат. Хирияв аварагас абулеб буго; «ГIадамал гIахьалал руго лъабго жоялъулъ, лъим, авлахъ, ва цIа». Гьаб хIадисалдасан нилъеда бичIулеб буго, ральдалъ бугеб лъеда тIад кверщел гьабизе лъихъаниги ихтияр гьечIеблъи.

Гьединго лъел хиралъиялдасан ккола, Хирияв аварагас лъелъе чороклъи гьабизе гьукъун букIин. Лъалеб жо буго гIурухъ чороклъи баниги, лъел чвахиялъ биун бацIад гьабула, бугониги шаригIаталъ нахъ чIван руго лъелъ гъиз гьабиялдаса. Амма шиша, пластмаса, мусоралъул цIурал пакетал лъелъе рехулезе буго гьелдасаги кIудияб нахъе чIвай. Щай гурелъул, гьел лъел чвахиялъ биине гьабуларо. Чанго соналъги пластмассовый шиша букIуна жиндирго заралиял химикаталги къватIире кьун лъеда тIад, яги лъел тIиналда. Гьединлъидал нилъ цIунун рукIине ккола, нилъедасан чияе ва чиядасан нелъеего зарал ккеялдасан, гьедин гьарулеб букIана дугIадулъ нилъер Хирияв аварагасги.

Аллагьас лъел нигIматал цIикIкIине гьареги халкъалъе, Аллагьас лъел балагьаздаса киналго цIунайги. Амин!

**ХI. ГIИСАЕВ**

## Набиев МухIамад Набиевич



Гьал къоязда нилъехъе щвана кутакалда пашманаб хабар, халат бахъараб унтудаса хадуб нилъедаса ватIалъана мировияб судалъул № 84 участкаялда хIалтIарав Набиев МухIамад Набиевич.

Нилъ киназего гьеб буго захIматаб ками. МухIамад вукIана бацIцIадаб гIамал-хасияталъул, ракI лъикIав, кидаго киназего кумек гьабизе хIадурав, лъай цIикIкIарав инсан. Кидаго щиб къваригIелалъ аскIове чи вачIаниги гьев хIадурав вукIана кумек гьабизе. Гьесда кутакалда лъикI лъалаан ва бокьулаан жиндирго хIалтIи.

МухIамад Набиевич гьавуна I952 соналда. Мировой судьялъун хIалтIана 200I соналъул февралалдасанахъе. Гьес тIолабго къуват кьуна жиндиего бокьулеб хIалтIуе.

Гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул лъималазда, гIагаразда ва тIолабго росдада гьев сахав инсан камиялдалъун. Биччанте Аллагьас Нужее къуват кьезе гьеб ками хIехьезе. Нижер ракIазулъ кидаго хутIила МухIамад намус бацIцIадав ва унго-унгояв инсанлъун.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**Унсоколо районалъул бетIер.**

**Районалъул администрациялъул коллектив.**
**Районалъул Собраниялъул депутатал.**
**Районалъул жамгIият палата.**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул ва информационнияб отделалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул мировой судьялъун хIалтIулев вукIарав **Набиев МухIамад Набиевич** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 2. 18. 2021 г. 17.10
фактически -18. 00 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.